

Si-w kwè ou te viktim diskriminasyon dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Jistis nan Zafè Lojman, oswa Chapit 8 ki nan Lwa 1968 sou Dwa Sivil, ansanm ak chanjman ki fèt ladan-l yo, ki rele tou Lwa Federal sou Jistis nan Zafè Lojman [Title VIII of the Civil Rights Act of 1968 (Federal Fair Housing Law)] se pou-w telefone, ekri, oswa ale nan Office of Equal Opportunity, nan adrès ki ekri nan ti liv sa-a.



Dapre Règleman Palm Beach Kawnti pou Jistis nan Zafè Lojman, moun ki pote plent la dwe mete-l sou papye, epi sèmanse sa-l di-a se vre. Plent la pa dwe pran plis pase 180 jou, koumanse konte sou dat dènye diskriminasyon moun nan di ki te fèt la, pou-l rive nan Office of Equal Opportunity.

Lòt kote moun kapab pote plent, se devan Depatman Etazini pou Zafè Lojman ak Devlopman Vil (U.S. Department of Housing and Urban Development [HUD]), oswa Komisyon Florida pou Relasyon Imen (Florida Commission on Human Relations). Plent la pa dwe pran plis pase yon ane anvan-l rive devan kote sa-a yo, koumanse konte sou dat move zak la te fèt la.



Ou kapab kontakte biwo HUD ki pi pre-w la, nan adrès sa-a:
HUD-Fair Housing and Equal Opportunity, Five Points Plaza, 40 Marietta Street, Atlanta, GA 30303-3388, oswa Florida Commission on Human Relations, nan adrès: 2009 Apalachee Parkway, Suite 100, Tallahassee, FL 32301, Phone: (850) 488-7082.



**Pou enfòmasyon, asistans,
oswa pou pote yon plent, kontakte :**

**Palm Beach County
Office of Equal Opportunity**

**301 North Olive Avenue
10th Floor
West Palm Beach, FL 33401**

Telefòn: (561) 355-4883

Faks: (561) 355-4932

**Nimewo pou moun ki pa kapab tande:
(561) 355-1517**

www.pbcgov.com/equalopportunity



**Palm Beach County
Konsèy Komisè Kawnti-a**

Ti liv sa-a ekri pou ba-w yon ti lide sou dwa-w sou kesyon jistis nan zafè lojman. Règleman Palm Beach Kawnti pou Jistis nan Zafè Lojman-an (Palm Beach County's Fair Housing Ordinance) gen pi plis enfòmasyon pase sa ki nan ti liv sa-a. Si-w vle genyen yon kopi Règleman-an, kontakte Palm Beach County Office of Equal Opportunity.

Dapre sa Lwa sou Moun Enfim nan Etazini-an di (Americans with Disabilities Act), moun ki bezwen, kapab mande pou yo resevwa enfòmasyon ki nan ti liv sa-a sou yon lòt fòm. Pou fè sa, kontakte Palm Beach County Office of Equal Opportunity.

Telefòn: (561) 355-4883 Pou kite mesaj: (561) 355-1517 Nimewo pou moun ki pa kapab tande.

Rev. 03/2014



**JISTIS NAN ZAFE
LOJMAN**

Se lalwa!



**Palm Beach Kawnti
Biwo pou Chans Egal**

LWA SOU JISTIS NAN ZAFÈ LOJMAN



Règleman Palm Beach Kawnti sou Jistis nan Zafè Lojman, règleman 90-1 ak chanjman règleman 95-42 fèt ladan-l (Palm Beach County's Fair Housing Ordinance (Ordinance No. 90-1, as amended by Ordinance 95-42)), ansanm avèk Chapit 8 ki nan Lwa 1968 sou Dwa Sivil, ak chanjman ki fèt ladan-l yo (Lwa federal sou Jistis nan Zafè Lojman) [Title VIII of the Civil Rights Act of 1968 (Federal Fair Housing Law)] defann diskriminasyon poutèt ras oswa koulè, nan ki peyi yon moun soti, relijyon, si moun-nan se fi oubyen gason, si li enfim, oubyen ki kalite fanmi li genyen (sa ki vle di tou, ti moun ki panko genyen 18 an, epi ki rete avèk papa ak manman yo, oswa gadyen legal yo; fanm ansent, ansanm ak moun lalwa mete reponsab ti moun ki panko genyen 18 an). An plis, Règleman Palm Beach Kawnti nan Zafè Lojmandefann diskriminasyon nan lojman poutèt laj, si moun marye oswa pa marye, oubyen si gason nan fè lanmou ak gason parèy li ou byin fi ak fi parey li, idantite ou chwazi pou ekspriye si w se fi ou gason.

KI LOJMAN KI KOUVRI?

Lwa federal sou Jistis nan Zafè Lojman kouvri tout tè ak kote ki bati, ansanm ak woulòt oswa trelè, oubyen nenpòt ki moso ladan yo k'ap deja sèvi yon fanmi oubyen plis pou yo rete, oubyen tout kote ki sanse fèt pou sèvi tankou kay moun sa-a yo, osinon kote pou yo rete oswa dòmi. An plis, lwa sa-a kouvri tou tè vid ki pou lavant oswa pou lwe, pou bati oubyen lwe bilding apatman, kay, oswa woulòt. Gen sitiyasyon kote lwa-a pa kouvri bilding ki genyen 4 apatman oswa mwens, lè mèt bilding nan rete ladan-l, kay prive pou yon sèl fanmi ki vann oswa lwe san pa te genyen reklam ki te fèt oubyen ajan ki te okipe sa, oswa lojman òganizasyon oubyen klìb prive okipe, lè se manm yo sèlman ki rete ladan-l.



KI SA KI PA DWE FÈT?

Lè lojman ap vann oswa lwe : Pèsonn pa gen dwa fè okenn nan sa ki di pi ba yo, poutèt ras, koulè, nan ki peyi moun nan soti, relijyon, si se gason oswa fi, kèlkilanswa kalite fanmi moun nan genyen, oswa si moun nan enfim (règleman Palm Beach Kawnti yo kouvri si moun nan marye oswa pa marye, laj li, oubyen si-l fè lanmou avèk gason oswa fi parèy li):

- ◆ Refize pou lwe oswa vann lojman
- ◆ Fè moun pa kapab jwenn lojman
- ◆ Chanje kouman pou bagay fèt, kondisyon, oswa privilèj pou vann oubyen lwe kote pou moun rete
- ◆ Di pa genjen lojman pou enspekte, vann, oswa lwe, lè se manti
- ◆ Refize pèmèt moun vin manm oswa antre nan yon enstalasyon oubyen yon sèvis (tankou sèvis « multiple listing [fè reklam ansanm] ») ki etabli pou ede vann oswa lwe lojman.
- ◆ Refize negosye pou lojman
- ◆ Refize bay kote pou moun rete
- ◆ Chanje kalite sèvis oswa enstalasyon pou lojman moun nan kapab jwenn
- ◆ Pou moun sa fè lajan, fè mèt kay nan yonkatye rive kwè se pou yo vann oswa lwe kay yo (nan sa ki rele « blockbusting [kraze katye] ») oubyen

NAN PRETE LAJAN POU ACHE KAY: Pèson pa dwe fè okenn nan sa ki pral di pi ba yo poutèt ras, koulè, relijyon, si yon moun se gason oubyen fi, kèlkilanswa kalite fanmi moun nan genyen, oswa si yon moun enfim (oubyen si yon moun marye oswa pa marye, poutèt ki laj moun nan genyen, oswa si yon moun fè lanmou avèk gason oubyen avèk fi parèy li, dapre Règleman Palm Beach Kawnti):



- ◆ Refize prete lajan pou achte kay
- ◆ Chanje kouman pou bagay fèt, oswa chanje kondisyon pou prete lajan
- ◆ Refize achte yon ipotèk
- ◆ Refize bay enfòmasyon sou lajan ki kapab prete
- ◆ Fè diskriminasyon nan gade ki pri kay la yo
- ◆ Chanje kouman pou bagay fèt, oswa chanje kondisyon pou achte yon ipotèk

Anplis, lalwa defann pou moun:

- ◆ Menase, fòse, kaponnen moun, oswa jennen aktivite nenpòt moun k'ap sèvi avèk dwa-l pou jistis nan zafè lojman, oubyen k'ap ede yon lòt moun k'ap defann dwa sa-a.
- ◆ Fè reklam, oswa di nenpòt ki sa ki montre restriksyon oubyen preferans poutèt ras, koulè, nan ki peyi yon moun soti, relijyon, si moun nan se fi oubyen gason, ki kalite fami yon moun genyen, si yon moun enfim, si moun nan marye oswa pa marye, oubyen si moun nan fè lanmou avèk gason oswa avèk fi parèy li.

NÒT: Règleman kont diskriminasyon nan zafè lojman-an kouvri kay kote pou yon sèl fanmi rete, ansanm ak kay kote se mèt li ki rete ladan-l, menm si kay sa-a yo pa kouvri pou lòt sitiyasyon, dapre Lwa pou Jistis nan Zafè Lojman-an.



Pwoteksyon pou moun ki enfim

Si ou menm, oswa yon moun ki gen rapò avèk ou:

- ◆ Gen yon enfimite fizik oubyen mantal ki lakòz gwo pwoblèm pou fè youn oswa plis aktivite nòmal ki enpòtan (tankou moun ki soud, moun ki genyen pwoblèm pou wè oswa deplase, pwoblèm bwè tafya, maladi mantal ki la tout tan, potovi, SIDA ansanm ak lòt maladi ki gen rapò avèk SIDA).
- ◆ Genyen prèv pwoblèm nan, oubyen
- ◆ Konsidere tankou yo genyen pwoblèm nan

Mèt kay kote-w rete pa gen dwa:

- ◆ Refize kite-w fè chanjman ki chita sou bon rezon nan kay la ou oswa nan kote tout moun ap sèvi yo, si-w dakò pou-w peye pou chanjman yo, lè chanjman yo nesèsè pou pèmèt moun enfim sèvi ak lojman-an. (Lè gen bon rezon pou sa, mèt kay la kapab pèmèt pou chanjman fèt nan kondisyon pou, lè w'ap kite, ou retounen mete kote-a nan menm jan-l te ye, lè-w te vin rete ladan-l nan.)
- ◆ Refize fè chanjman ki chita sou bon rezon nan règleman, nan prensip, nan kouman bagay fèt, ak nan sèvis ki bay, si sa ta nesèsè pou pèmèt moun enfim sèvi avèk lojman-an.

Pa egzanp: Yon bilding ki genyen règleman ki di pou moun pa genyen bèt (no pets) ki dwe pèmèt yon moun ki avèk ki genyen yon chen ki pou montre-l chimen.

Pa egzanp: Nan yon bilding apatman ki gen gwo paking, kote moun k'ap lwe yo kapab mete otomobil yo nenpòt ki kote yo vle, si youn nan moun k'ap lwe yo mande pou yo mete yon plas sou non li tou pre apatman-l paske li gen pwoblèm pou-l deplase, bilding apatman-an dwe fè sa moun nan mande-a, si sa nesèsè pou pèmèt li kapab antre soti nan apatman-l.

Men sèlman, pa gen okenn obligasyon pou bay lojman lè yon moun pral mete lasante oswa sekirite lòt moun adanje, oubyen si l'ap sèvi ak dwòg ki pa legal.



Règleman ki defann diskriminasyon paske yon moun enfim oubyen domaje yo, kouvri enfimite nan tout ka sa-a yo: moun k'ap achte oswa lwe; moun ki rete oswa vle rete nan yon kay apre kay la fin vann, lwe, oswa pare pou moun rete ladan-l; oubyen enfimite okenn lòt moun ki gen rapò avèk moun k'ap achte oswa lwe-a.

Pwoteksyon pou fanmi ki gen ti moun

Eksepte si yon bilding oubyen kominote kalifye tankou lojman pou gran moun ansyen, diskriminasyon pa kapab fèt ladan-l poutèt ki kalite jan yon fanmi ye. Sa vle di, diskriminasyon pa kabab fèt kont fanmi kote youn oswa plizyè ti moun ki panko genyen 18 an rete nan yon kay, avèk:

- ◆ Manman-l oswa papa-l
- ◆ Yon moun ki se gadyen legal li, oswa
- ◆ Yon moun papa-l, manman-l, oswa gadyen legal li nonmen pou responsab li, avèk pèmasyon sou papye papa-a, manman-an, oswa gadyen-an.

Règleman pou pwoteje kèlkilanswa kalite fanmi yo, kouvri fanm ansent, ansanm ak nenpòt ki moun ki se, oswa vin rekonèt, tankou gadyen yon ti moun ki panko gen 18 an.



Eksepsyon: Lojman pou gran moun ansyen pa antre nan kategori ki nan Règleman pou pwoteje kèlkilanswa kalite fanmi yo, si li nan youn nan ka sa-a yo:

- ◆ Dapre yon pwogram gouvènman federal, leta, oswa lokal, lojman-an te fèt pou sèvi gran moun ansyen, epi se moun sa-a yo menm ki rete ladan, oubyen
- ◆ Moun ki rete nan lojman sa-a genyen 62 an pou pi piti, oubyen
- ◆ Nan lojman-an, genyen yon moun ki genyen 55 an nan omwens 80 pousan nan kote ki lwe yo, epi lojman-an swiv yon règleman ki di se moun ki genyen 55 an pou pi piti ki pral vin kapab rete ladan-l.

